# QARAQALPAQ DIRIJYORLÍQ KÓRKEM ÓNERINIŃ RAWAJLANÍWÍNA DILARA SULTANIYAZOVANÍŃ QOSQAN ÚLESI

**Kamalova Gúlmaryam Maksetdullaevna**
Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis Filialı
"Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler" kafedrası oqıtıwshısı
**Abdikarimova Indira Toxtarbay qızı**
Muzıkatanıw qánigeligi bakalavr baǵdarınıń 3-kurs studenti.

**Annotaciya:** Bul maqalada xor tarawında kóp jıldan berli, miynet islep balalarǵa bilim berip kiyatırǵan Dilara Sultaniyazovanıń jaqınları hám ómiri,miynet keshirmeleri hám ilimiy jumısları haqqında aytıp ótilgen.

**Gilt sózler**: Muzıka mádeniyatı, qaraqalpaq, xor, kórkem óner, ádebiyat,.

**Аннотация**: В статье рассказывается о жизни, увлечениях и научных достижениях близких Дилара Султаниязова, много лет занимавшейся воспитанием детей в хоре.

**Ключевые слова**: Музыка , каракалпак, хор, художественное искусство, литература.



**Annotation**: In this article, we talk about the lives, entertainments and scientific achievements of the relatives of Dilara Sultaniyazova, who has been teaching children for many years in the choral department.

**Key words:** music medium, karakalpak, choir, art, and literature.

Sultaniyazova Dilara 1966 jılı 1 martta Shomanay rayonında tuwılǵanman. Akesi Sultaniyazov Sársenbay 1935-jılı 9-mayda Xalqabat rayonında dúnyaǵa kelgen. Milleti qaraqalpaq. Qaraqalpaqstan Respublikası 1962-1980-jıllarda Shomanay rayonı paxta tazalaw punktinde injener-mexanik bolıp jumıs islegen.

1980-jılı qaytıs boladı. Anası Sultaniyazova Galina Saytovna 1937-jılı 22-fevralda Bashkurtstanda dúnyaǵa kelgen. Milleti Tatar. 1962-1985 jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikası Shomanay rayonı Paxta tazalaw punktinde paxta laboratoriyasın basqardı. 2021-jılı dúnyadan ótedi. Shaıaraqta 8 perzent bolǵan. Hámmesi Shomanay rayonında tuwılǵan.

Sultaniyazova Enejan 1960-jılı tuwılǵan Nokis Mamleketlik universitetiniń rus filologiya fakultetin pitirgen, hazir pensiyada. Sultaniyazova Gulnara 1961-jılı tuwılǵan, tigiwshilik kasibinde isledi hazir pensiyada. Sultaniyazov Baxtiyar 1963-jılı tuwılǵan, ishki isler hám órt oshiriwshiler tarawında isledi, hazir pensiyada. Sultaniyazova Raxima 1968-jılı tuwılǵan. J.Shamuratov atındagı Nokis mámleketlik kórkem óner uchilishesin hám Tashkent mámleketlik Mádeniyat institutınıń xor dirijyorlıǵı bólimin pitkerip muzika mektebinde jumıs isledi. 2010-jılı bolsa qaytıs boladı. Sultaniyazova Zulfiya 1971-jılı tuwılǵan, Tashkent oblastı Shırshıq qalasının Industriya texnikumının ximiya-biologiya bólimin pitkerdi. Zulfiya 2020-jılı qaytıs bolǵan. Sultaniyazov Marat 1974-jılı tuwılǵan, avtomexanika tarawında isleydi. Sultaniyazova Gulbaxar 1980 jılı tuwılǵan, házir Rossiyanıń Orenburg qalasında turadı, kasibi medicina tarawı.

1966 jılı 1 martta Shomanay rayonında tuwılǵanman. Jaslayınan muzıkaǵa qızıǵiwshań hám talapshań bolǵan. 1973-jılı Shomanay rayonlıq Gagarin atındaǵı mekteptin 1 klasına oqıwǵa baradı. Birinshi ustazı Klara Tajimuratova bolǵan. 1974-jılı Shomanay rayonlıq №1 Muzika mektebine fortepiano klasına oqıwǵa baradı. Mektep direktorı Saǵındıkov Sulayman, ustazı Pirlepesov Jiyemurat edi. Muzıka mektebin jeti jıl oqıp tamamlap, 1981-1985 jıllar Nokistegi J.Shamuratov atındagı kórkem óner uchilishesiniń xor dirijyorlıǵı boliminde ustazı Saparbay Paluanovtın qolında bilim aladı.

1987-1991 jıllarda Tashkent Mamleketlik A.Qodiriy atındagı Mádeniyat institutında Xor dirijyorlıǵı bolimine oqıwǵa kiredi hám tabıslı tamamlaydı. Ustazı Bagirova Feruza Toirovnanıń qolında bilim aladı. Pitkergennen soń, muzıka mekteplerinde sabaq beredi, keyin 1994-2002 jıllarda Nokis Mamleketlik Ajiniyaz atındagı pedinstitutta xor dirijyorlıǵı kafedrasında sabaq bere baslaydı. Usı institutta islegen waqıtlarında eń birinshi qosıkqların jazıp baslaydı, balalar ushın, studentler ushın xor shıǵarmaların

jazǵan. Sh.Ayapov sozine «XX asir» aralas xor ushın, I.Yusupov sózine akapella «Tuwısqanlıq».

Ómirlik joldası Isataev Muxajjat 1964 jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Qońırat rayonında tuwılǵan. Kasibi ásker, sol tarawda islep oficcer bolıp pensiyaǵa shıqt.. Nokis qalasında tanısıp 1997-jılı turmıs qurǵan. Isataevlardıń shańaraǵında 2 perzeent bar Olar:

Amanbaeva Diana Muxajjatovna 1998-jılı Nókis qalasında tuuılǵan. Tashkent Mamleketlik Konservatoriyasının fortepiano fakultetin pitirdi, 2017-2021-jılları bakalavrdı, 2021-2023-jılları magistraturanı tamamlaydı. Hazir Tashkent Mamleketlik konservatoriyasında kamer kafedrasında oqıtıwshı bolıp islep atır. Amanbaev Jandarbek Muxajjatovich 2000-jılı Nókis qalasında tuwılǵan, Tashkent Mamleketlik Transport universiteti xam Belarus Milliy texnikalıq universitetin (2+2) dásturi boyınsha oqıp injener konstruktor kasibin aladı. Hazir usı tarawda isleydi.

D.Sultaniyazova házirgi waqıtta Tashkent oblastı Shırshıq qalasında jasaydı. 21-jıldan beri №7-sanlı Balalar muzıka hám kórkem óneri mektebinde vokal hám xor sabaǵınan sabaq beredi. Dóretiwshilik boyınsha kóplegen qosıq hám kóp dawıslı xorlar jazıp mektep dásturine kiritilip sol dástúr boyınsha oqıtıp atır. 2014-jılı «Vatan desam...» degen kıtabı baspadan shıqtı. 2015 jılı Ózbekstan Kompozitorlar hám bastakorlar awqamına aǵza boladı. 2018-jılı «Ona elim» degen ekinshi kitabı baspadan shıqtı. Muzika mektebinde islew menen birge kishkene balalardıń muzıkaǵa qızıǵıwshılıǵın ósirip, kóplegen shákirtler tayarlap shıǵaradı. házir kópshiligi Tashkent, Almatı konservatoriyaların pitkerip muzıka tarawında islep atır. 2022-jılı «Madaniyat va Sanat fidokori» medalın alıwǵa miyassar boladı.





.